Pou Piblikasyon Imedya: 17/05/2023 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE OUVÈTI APLIKASYON SUBVENTION FON MOMANTÒM MID-HUDSON KI SE 150 MILYON DOLA

Inisyativ la pral ogmante rezèv lojman ak debloke pwojè transfòmasyon nan Rejyon Mid-Hudson lan

Demann yo ak direktiv yo disponib isit la

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ouvèti aplikasyon sibvansyon 150 milyon dola Fon Momantòm Mid-Hudson (Mid-Hudson Momentum Fund) pou pwojè lojman ak enfrastrikti pou itilizasyon miks nan tout rejyon Mid-Hudson lan. Inisyativ sa a pral ede kominote yo satisfè bezwen enfrastrikti k ap grandi nan lè nou konsidere dènye ogmantasyon popilasyon an nan tout rejyon an ke pandemi an lakòz. Fon Empire State Development mete sou pye a reprezante yon gwo angajman pou ogmante rezèv lojman pou satisfè demann k ap grandi yo epi envesti nan pwojè enfrastrikti kle nan rejyon an. Gouvènè Hochul te deja anonse Fon Momantòm Mid-Hudson lan an fevriye 2023.

"Avèk istwa rich li, bote natirèl ak trezò kiltirèl li yo, rejyon Mid-Hudson la depi lontan se yon jwayo pou eta nou an ki akeyi nouvo rezidan ak vizitè yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan rejyon an ap kontinye wè yon ogmantasyon nan popilasyon an ak vizitè yo tou, Fon Momantòm Mid-Hudson lan pral ede kominote yo adrese bezwen enpòtan tankou lojman abòdab ak ekitab ak enfrastrikti lokal k ap grandi pou asire ke rejyon sa a ka kontinye sèvi kòm yon destinasyon pou fanmi, travayè, biznis ak touris."

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Li enperatif pou nou adrese estratejikman demann k ap grandi pou amelyorasyon lojman ak enfrastrikti atravè rejyon Mid-Hudson lan. Avèk opinyon enfòme ki soti nan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Mid-Hudson (Regional Economic Development Council, REDC) nou an, pwogram sa a pral ede adrese ak akomode vag enterè nan zòn etonan sa a epi ede byen kenbe kwasans rejyon an nan tan kap vini an."

Ko-prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Mid-Hudson lan, Doktè Marsha Gordon, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Konsèy Biznis nan Westchester (The Business Council of Westchester), ak Doktè Kristine Young, Prezidan SUNY Orange lan, te deklare, "Depi pandemi an, nou te akeyi plizyè milye

nouvo rezidan nan rejyon nou an ki te vin pi eagrav demann pou lojman ak amelyorasyon nan enfrastrikti lokal ki egziste deja yo. Fon Momantòm Mid-Hudson lan pral ede adrese bezwen sa yo epi nou pa ka tann pou asire pwojè yo apwouve yo konsistan avèk objektif ak priyorite rejyon an."

Rejyon Mid-Hudson la vin tounen yon destinasyon prensipal pou alafwa touris ak nouvo rezidan pèmanan, ak plis pase 33,000 nouvo rezidan k ap deplase nan rejyon an pandan de ane ki pase yo sèlman. Ak disponiblite lojman rejyonal yo ki te nan mwens pase yon pousan ane pase a, gen yon bezwen ijan pou nouvo devlopman pou sipòte kantite rezidan yo. Fon Momantòm Mid-Hudson lan pral sipòte pwojè lojman ak enfrastrikti pou itilizasyon miks ki pral gen enpak dirab nan rejyon an epi ki an akò avèk objektif estratejik ak priyorite plan estratejik Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Mid-Hudson lan. Sa gen ladann pwojè ki jwenn sipò kominotè, ki pral lakòz yon ogmantasyon lojman abòdab, pwofite envestisman ki pa envestisman eta a, ki finansyèman solid epi ki ka kòmanse byen vit.

150 milyon dola pral disponib pou pwojè espesifik sou yon peryòd senkan epi yo pral divize egalman ant pwojè lojman ak itilizasyon miks ak pwojè enfrastrikti yo. Prim yo pral varye ant 2.5 milyon dola ak 10 milyon dola pou chak pwojè epi yo pral mande yon korespondans minimòm 50 pousan nan sous finansman ki pa soti nan eta yo. Lajan yo ka itilize pou konstriksyon, ekspansyon, ak reyabilitasyon enstalasyon, ekipman ak machin, enfrastrikti ak devlopman sit, ak konsepsyon ak enjenyeri ki gen rapò ak konstriksyon. Aplikan ki elijib yo enkli òganizasyon san bi likratif yo, minisipalite yo, kòporasyon benefis piblik yo enkli IDA yo ak LDC yo ak konpayi aki gen bi likratif yo.

Yo dwe soumèt yo bay ESD anvan 28 jiyè 2023 a 4 p.m. pou Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Mid-Hudson lan revize yo yon ti tan apre sa. Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Mid-Hudson pral revize aplikasyon ke yo resevwa apre 28 jiyè 2023 sou yon baz chak trimès. Aprann plis sou Fon Momantòm Mid-Hudson lan isit la.

Enfòmasyon sou Empire State Development
Empire State Development (ESD) se prensipal ajans devlopman ekonomik New York (www.esd.ny.gov). Misyon ESD se pou pwomouvwa yon ekonomi ki djanm ak pwospè, ankouraje kreyasyon nouvo travay ak opòtinite ekonomik, ogmante resèt pou Eta a ak minisipalite li yo, epi fè ekonomi lokal yo vin estab ak divèsifye. Gras a itilizasyon prè, sibvansyon, kredi taks ak lòt fòm asistans finansye yo, ESD ap fè efò pou amelyore envestisman biznis prive ak kwasans pou sipòte kreyasyon travay epi sipòte kominote pwospè yo toupatou nan Eta New York. ESD se egalman ajans administratif prensipal k ap kontwole Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Councils, REDCs) Eta New York la ak komèsyalizasyon "I LOVE NY", mak touristik anblematik Eta a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Konsèy Rejyonal yo ak Empire State Development, ale sou www.regionalcouncils.ny.gov ak www.esd.ny.gov.

###